

# 14

fevriye

**Yon chèf poze Jezi kesyon, li di : Bon Mèt... Jezi di li : Poukisa se mwen ou rele "bon" an ? Pa genyen pèsonn ki bon, eksepte Bondye sèl.** Lik 18. 18, 19

**Men, lè bonte Bondye Sovè nou, ak lanmou li pou lèzòm parèt, li sove nou.** Tit 3. 4, 5

**Di Bondye mèsì, paske li gen bon kè.** Sòm 136. 1

## **Bonte**

Nou pap kapab bliye vit yon moun ki montre nou bonte li. Yon bèl souri, yon moun k ap koute w ak atansyon, yon moun ki toujou disponib... sa bay kouraj ak lespwa.

Se sa moun ki t ap viv nan tan Jezi yo te jwenn nan li, paske youn nan yo te rele l : "Bon Mèt". Men repons li a atire atansyon nou dèske lòm pa bon natirèlman, okontrè. Bonte toutbonvre a, ki pafè e la pou tout tan an, se yon bagay, se sèl Bondye ki genyen l. Li te parèt aklè, lè Jezi te vini sou latè. Anvè tout moun e kont tout bagay, malgre moun li te vin sove yo t ap vin plis kontrekare l jou aprè jou, "li te ale toupatou, ap fè byen" (Travay 10. 38). Epi sou lakwa, nan moman kote li te anba soufrans tèrib, li te pran swen lage manman l nan men youn nan disip li yo (Jan 19. 27) e li te mande pou Bondye Papa li, pou padone moun ki t ap kloure l yo (Lik 23. 34).

Si w santi monn sa twò di pou ou, li levanjil la pou kapab dekouvri bonte Jezi Kris, "Pitit Bondye a, ki te renmen m epi kite livre tèt li pou mwen" (Galat 2. 20). "Goute, n a wè jan Senyè a bon" (Sòm 34. 8).

Men nou menm, kretyen, piga nou janm doute de bonte Bondye nou an, epi pa janm bliye pou nou selebre li. Ann fè efò tou pou nou vin sanble plis toujou modèl nou an. "Tou sa yo mande yon moun, se pou l gen bon kè" (Pwovèb 19. 22). Se pou konpòtman nou, bay moun ki antoure nou yo, lanvi pou yo konnen bonte Bondye.

# 14 février

**Un chef du peuple l'interrogea : Bon maître... Jésus lui dit : Pourquoi m'appelles-tu bon ? Nul n'est bon, sinon un seul, Dieu.** Luc 18. 18, 19

**Quand la bonté de notre Dieu sauveur et son amour envers les hommes sont apparus, il nous sauva.** Tite 3. 4, 5

**Célébrez l'Éternel ! Car il est bon.** Psaume 136. 1

## La bonté

Quelqu'un qui nous témoigne de la bonté, nous ne l'oublions pas vite. Un sourire bienveillant, une écoute attentive, une grande disponibilité... cela donne du courage et de l'espoir.

C'est ce que ses contemporains trouvaient en Jésus, puisque l'un d'eux l'appelait : "Bon maître". Mais sa réponse attire notre attention sur le fait que l'homme n'est pas naturellement bon, au contraire. La bonté vraie, absolue et permanente est une exclusivité de Dieu. Elle a été mise en évidence quand Jésus est venu sur la terre. Envers et contre tout, malgré l'opposition croissante de ceux qu'il était venu sauver, il "a passé de lieu en lieu, faisant du bien" (Actes 10. 38). Et sur la croix, alors qu'il traversait des souffrances terribles, il a pris soin de recommander sa mère à l'un de ses disciples (Jean 19. 27) et il a demandé à Dieu, son Père, de pardonner à ses bourreaux (Luc 23. 34).

Si vous éprouvez la sécheresse d'un monde trop dur pour vous, lisez l'évangile pour y découvrir la bonté de Jésus Christ, "le Fils de Dieu, qui m'a aimé et qui s'est livré lui-même pour moi" (Galates 2. 20). "Goûtez et voyez que l'Éternel est bon ! Bienheureux l'homme qui se confie en lui !" (Psaume 34. 8).

Quant à nous, chrétiens, ne doutons jamais de la bonté de notre Dieu, et n'oublions pas de la célébrer. Efforçons-nous aussi de ressembler davantage à notre modèle. "Ce qui attire dans un homme, c'est sa bonté" (Proverbes 19. 22). Que notre comportement donne envie à ceux qui nous entourent de connaître la bonté de Dieu.